*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 11 (25497)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 25 январ — тъæнджы мæйы 25 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** ФЕМБÆЛД — *Информацион политикæйы фарстатæ*

**3** ПРЕЗЕНТАЦИ — *“Вассойы фарн”*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Уæгъдибар хъæбысхæст*

**Сæрмагонд уавæрты**

## РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Указ: санитарон-эпидемиологон цæстдарды уæлæмхасæн мадзæлттæ

Сæвзæргæ эпидемиологон уавæр хынцгæйæ, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО ивддзинæдтæ бахаста, ”Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы фæзуатыл коронавирусы инфекци парахатдæр кæнынæн гæрæнтæ æвæрыны тыххæй” 2021 азы 23 октябры фидаргонд 364-æм Указмæ.

Указы ног редакцийы куыд загъд ис, афтæмæй, цалынмæ республикæйы эпидемиологон уавæр нæ банывыл уа, уæдмæ куыстдæтджытæн амынд цæуы, цæмæй, 65 азæй уæлæмæ кæуыл цæуы, стæй алыхуызон хроникон низтæ кæй тыхсын кæнынц, уыцы адæмы раивой куысты дæрддзæфмæ фæткмæ, кæнæ та сын Уæрæсейы Федерацийы закъонæвæрынады бындурыл радтой æрвылазон отпусктæ; цæмæй куысты дæрддзæфмæ фæткмæ раивой организациты кусджытæн сæ 50 проценты (уыимæ, организацийы куысты фæтк хъуамæ ма фæкъуыхцы уа).

Республикæйы разамонæджы Указæй бæлвырд амынддзинæдтæ лæвæрд æрцыд министрадтæ æмæ ведомствæты, стæй муниципалон оргæнты разамонджытæн, цæмæй уæлæмхасæн санитарон мадзæлттæ сæххæст кæной пандемийы хъомыс фæсæттыны нысанимæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Нысантæ**

## Республикæйы экономикæйæн — дæсны специалисттæ

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО ахуырадон организациты минæвæрттæ æмæ куыстдæтджытимæ цы уæрæх æмбырд саразта, уым сæрмагонд æргом аздæхтæуыд республикæйы экономикæйæн дæсны кадртæ цæттæ кæныны фарстамæ. Ныхасы архайдтой профилон республикон министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ дæр.**



Фембæлды архайджытæ бæстон æрдзырдтой æрыгон специалисттæ цæттæ кæныны, профессион ахуырады системæйы лыггæнинаг фарстатæ æмæ дарддæры райрæзтыл.



Сергей Меняйло æмбырды райдайæны куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй республикæйы ахуырады къабаз æнæмæнг хъæуы бындуронæй рацаразын æмæ райрæзын кæнын. Йæ архайды сæйрагдæр нысан хъуамæ суа, фæллойы базары аргъ кæмæн уа, ахæм дæсны специалисттæ цæттæ кæнын. Республикæйы разамонæджы хъуыдымæ гæсгæ, уыцы нысанæн ахъаз уыдзæн ахуырады уагдæттæ æмæ куыстдæтджыты æнгомдæр æмархайд.

— Куыд уынæм, афтæмæй ахуырадон кусæндæттæ æрвылаздæр бацæттæ кæнынц бирæ æрыгон специалисттæ, фæлæ фæллойы базарады уавæр ныл дæр нæ кæны. Уыцы æууæл хынцгæйæ, сæвæрæн ис ахæм фарст: кæй цæттæ кæнæм? Ахæм уавæр абон нæ сæвзæрд, стæй фарста æрмæст Ирыстонмæ дæр нæ хауы. Фæлæ йыл нæхæдæг дæр хъуамæ кусæм. Фыццаджыфыццагдæр, кæрæдзиуыл æнгомдæр бабæттын хъæуы ахуырадон уагдæттæ æмæ куыстдæтджыты — специалистты уыдонæн нæ цæттæ кæнынц? Æмæ, уыдоны домæнтæ хынцгæйæ, хъуамæ арæзт цæуой профессион ахуырады программæтæ дæр, — бафиппайдта Сергей Меняйло.

Республикæйы Сæргълæууæджы ныхасмæ гæсгæ, уæлдæр æмæ астæуккаг профессион ахуырады кусæндæтты рауагъдонтæй бирæтæ зæрдæзæгъгæ куыст кæй не ссарынц, уый арæх куысты бынæтты кадавардзинадимæ баст нæ вæййы. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ ныркккон базарадон экономикæйы æууæлты фылдæр домæнтæ æвæрд цæуы æрыгон специалистты цæттæдзинадмæ — сæ зонындзинæдтæ уæрæхдæр хъуамæ уой, сæ профессион цæттæдзинад хъуамæ æмдзу кæна рæстæгимæ. Уыцы æууæлтæ хынцгæйæ, боны фæткы æрлæууы регионы профессион ахуырады хæрзхъæддзинады фарста. Ацы нысаныл бакусынæн, Сергей Меняйлойы хъуыдымæ гæсгæ, ахъаз уыдзæн Цæгат Ирыстоны ныркккон науконахуырадон центр байгом кæнын. Республикæйы разамонæг зæрдæ бавæрдта, ацы фарста йе 'ххуысгæнæг — Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ректор Огъуаты Аланимæ хицауады федералон оргæнты размæ кæй сæвæрдзæн, уымæй.

Республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** æмбырды архайджытæн радзырдта республикæйы астæуккаг профессион ахуырады системæйы абоны уавæр æмæ дарддæры райрæзты нысанты тыххæй. Ведомствæйы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, 9 къласы фæстæ астæуккаг профессион ахуырады студенттæ чи свæййы, уыцы фæсивæды нымæц фæстаг цалдæр азы дæргъы зынгæ сырæзт — зæгъæм, 2018 азæй нырмæ сыл бафтыд 35 проценты. Уыимæ, фæсивæд æхсызгондæрæй цæуынц информатикæ æмæ нымайæн техникæйы, электроникæйы, радиотехникæйы, бастдзинады фæрæзтæ æмæ æндæр ахæм къабæзты дæсныйæдтæ райсынмæ.

Фæлæ, рæстæг куыд æвдисы, афтæмæй, æрыгон специалист бацæттæ кæнынæй уæлдай, уымæн бацагурын хъæуы кусæн бынат. Фæлæ æрыгæттæй бирæтæ куыст не ссарынц, уымæн æмæ сæ фæллойы базары не 'рцагурынц. Республикæйы фæллойы базары ныртæккæ цы уавæр сæвзæрд, уый тыххæй та уыд йæ раныхас Адæмæн куыст дæттыны комитеты сæрдар **Платы Альбинæйæн**. Ведомствæйы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, ныртæккæ æппæты фылдæр ваканситæ ис æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазы — 223 кусæн уæгъд бынаты, тынуафæг куыстады та хъæуы 147 специалисты, ахуырады къабазы — 97 кусæджы...

Боны фæткы фарстаты фæдыл сæ хъуыдытæ загътой министрадтæ æмæ ведомствæты бæрнон кусджытæ, ахуырадон организацитæ æмæ куыстдæтджыты иугæндты минæвæрттæ. Уыдон бæлвырд фæндæттæ бахастой уавæр банывыл кæныны нысанимæ.

Ныхасæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Сергей Меняйло бæлвырд амынддзинæдтæ радта профилон ведомствæты разамонджытæн.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Зонинаг**

## РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æхсæзæм равзæрст Парламенты фæндзай фæндзæм æмбырд уыдзæн 2022 азы 27 январы 10 сахатыл Хицауады хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2022 азы 27 январы 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады хæдзары фойейы.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**



**25 январ — Уæрæсейаг студентты бон**

## Арфæ

**Ирыстоны æвзонг лæппутæ æмæ чызджытæ!**



*Уæрæсейаг студентты бон арфæ кæнын, ныртæккæ зонындзинæдты бæрзæндмæ чи схызт, сæ арæхстдзинæдтæ æмæ курдиæттæ уæндонæй чи вдисы, фидæны дæсныйад чи агуры, уыдонæн.*

*Студентон цардæн ферох кæнæн нæй, уым æрæмбырд вæййынц ирд цаутæ, фыццаг æнтыстытæ, уæндон фæндæттæ æмæ рухс нысантæ. Абон уæ размæ байгом сты æгæрон гæнæнтæ, фадæттæ, уæ бон у уæхи наукæйы, сфæлдыстады, спорты равдисын. Хистæр кары цардмæ фыццаг къахдзæфтæ кæнут æмæ уæ рох ма уæд: уæ зонындзинæдтæ, тырнындзинад, фæразондзинад, фидардзинад, хъæппæрис суыдзысты уæ дæсныйады æнтыстытæм, размæ æвæрд нысантæм фидар бындур.*

*Уæ фылдæр абон сæ ахуыры хъуыддаг баиу кодтой республикæйы æхсæнадон цардимæ, бархионты змæлдимæ. Фидæны экономисттæ, историктæ, филологтæ, юристтæ, инженертæ, аграритæ, æндæр куысты дæснытæ нæ уарзон Ирыстон æмæ нæ бæстæйы рæстмæ уе ‘вæрæн бахæсдзыстут.*

*Зæрдæбын арфæ уын кæнын, зынаргъ студенттæ, æнæниз, амондджын ут, иттæг хорз бæрæггæнæнтæ исут, уæхиуыл æууæндут. Æрдæгфæндагыл макуы æрлæуут, æмæ уын алцыдæр бантысдзæн. Уе ‘ппæт фæндæттæ æмæ нысантæ уæ къухы бафтæнт!*

***Алексей МАЧНЕВ,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар***

**Кусæг фембæлд**

## Бæлвырд нысантæ — арæзтад æмæ архитектурæйы ног министры размæ

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН кусæг фембæлд уыд республикæйы арæзтад æмæ архитектурæйы ног министр МИЛДЗЫХТЫ Асланимæ.**

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг, ведомствæйы ног разамонæгæн арфæ ракæнгæйæ, куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Милдзыхы-фырт раздæр куыста Арæзтадон проектты паддзахадон экспертизæйы службæйы, хорз зоны къабазы лыггæнинаг фарстатæ, æмæ йын уыцы фæлтæрддзинад ахъаз уыдзæн йæ фидæны бæрнондæр куысты.

Сергей Меняйло бæлвырд хæстæ æмæ нысантæ сæвæрдта ног министры размæ. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, ведомствæйы ног разамонæджы архайды сæйрагдæр хъуамæ суа арæзтадон регионалон къабазы хъомысы рæзт — æппæт пъланон объектты афойнадыл цæттæдзинад æмæ æнаипп хæрзхъæддзинад. Республикæйы разамонæджы ныхасмæ гæсгæ, ведомствæйы специалисттæ се 'рвылбоны архайды сæрмагонд æргом хъуамæ аздахой фыццаградон национ проекттæ æмæ сæрмагонд паддзахадон программæты пълантæ æххæст кæныны хъуыддагмæ дæр.

Зындгонд куыд у, афтæмæй Милдзыхты Аслан республикæйы арæзтад æмæ архитектурæйы министрæй нысангонд æрцыд 2022 азы 13 январы.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Фæндагон хæдзарад**

## Уæзласæн транспорт — Дзæуджыхъæуы иувæрсты

**Дарддæр цæуы Дзæуджыхъæуы иувæрсты автомобилон фæндаджы арæзтад. Зындгонд куыд у, афтæмæй ацы ахсджиаг транспортон-фæндагон инфраструктурон объектыл арæзтадон куыстытæ райдыдтой ивгъуыд азы. Подрядчиктæ ныртæккæ æххæст кæнынц фыццаг къæпхæны куыстытæ.**

Проектмæ гæсгæ, ног фæндаг ацæуæдзæн Дзæуджыхъæуы хурныгуылæйнаг фæрсты. Уый фæрцы фадат фæзындзæн, цæмæй уæззау автомобилон транспортæн, Дзæуджыхъæумæ ма бацæугæйæ, уа контролон-уадзæн пункттæ "Уæллаг Ларс" æмæ "Дæллаг Зæрæмæг"-мæ иувæрсты абалц кæнынæн.

Ацы стыр проект хъуамæ æххæстгонд æрцæуа 2024 азмæ. Фыццаг къæпхæныл араздджытæ архайынц фæндаджы 15-километрон уаццагыл. Ныртæккæ куыстыты сæйрагдæр хай цæуы Дзæуджыхъæу, Ногир æмæ Æрхонкæйы ‘хсæн. "Дзæуджыхъæу — Æрыдон", "Дзæуджыхъæу — Алагир" æмæ иннæ фæндæгтыл кæм бамбæла, уыцы бынæтты арæзт æрцæудзысты сæрмагонд транспортон зиллаччытæ, цæмæй алырдæмыты цæуæг хæдтулгæтæ кæрæдзийы ма хъыгдарой. Уымæй уæлдай, ног фæндаджы цалдæр уаццагыл сараздзысты уæззау хæдтулгæтæн рæстæгмæ æрлæууæн бынæттæ.



Ацы ахсджиаг проект æххæстгонд цæуы Фæндæгты федералон агентады заказмæ гæсгæ. Арæзтады æппæт къæпхæнтæн æдæппæт дихгонд æрцæудзæн 6 миллиард сомæй фылдæр. Куыстытæ æххæстгонд цæудзысты сæрмагонд федералон программæ "Транспортон къабазы райрæзт"-ы фæлгæты.

Цæгат Кавказы автомобилон фæндæгты управленийы минæвар куыд фехъусын кодта, афтæмæй фæндаджы арæзтады фыццаг къæпхæныл ныридæгæн хардзгонд æрцыд 1,2 миллиард сомæй фылдæр. Уыимæ, ныртæккæ араздджытæ бавнæлдтой фæндаджы арæзтады дыккаг къæпхæнмæ дæр.

**Нæ уацхæссæг**

**Мæздæджы районæй**

## Ветеринарон дæлхайæдтæ — хъæууон цæрæн бынæтты

**Сæрмагонд федералон программæ ”Хъæууон цæрæн бынæтты райрæзт”-ы фæлгæты Мæздæджы районы цыппар цæрæн бынаты хæстæгдæр азты сараздзысты ветеринарон пункттæ.**

Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй ахæм сæрмагонд ветеринарон пункттæ 2025 азы онг фæзындзысты поселок Притеречный, стæй Троицкы, Сухотск æмæ Веселæйы хъæуты. Уыцы пункттæ суыдзысты хæдзарон цæрæгойты низтимæ тохгæнæг мæздæггаг станцæйы дæлхайæдтæ.

Зæгъæм, Сухотскы хъæуы администрацийы сæргълæууæг **Элинæ Педан** куыд радзырдта, афтæмæй ныридæгæн сæрмагонд зæххы хай радих кодтой фидæны ветеринарон пунктæн, иннæ организацион фарстатыл дæр кусынц.

Хæдзарон цæрæгойты низтимæ тохгæнæг мæздæггаг станцæйы хицау **Виктор Шишлянников** куыд радзырдта, афтæмæй районы æппæт хъæуты дæр ис ветеринарон дохтыртæ, фæлæ сын аккаг куысты уавæртæ арæзт нæма ‘рцыд.

**Нæ уацхæссæг**

**Лыггæнинаг фарстатæ**

## Сайд чи баййæфта, уыдонæн компенсацитæ...

Йæ рæстæджы хи цæрæнуæттæ райсыны нысанимæ алыхуызон арæзтадон компанитæм йæ æхцайы фæрæзтæ чи радта, фæлæ фæстæдæр сайд кæуыл æрцыд, уыцы адæмæн бафиддзысты æхцайы компенсацитæ.

Ахæм уынаффæ рахаста Арæзтæдты архайæг адæмы бартæ хъахъхъæнæг федералон фонд. Уый тыххæй фехъусын кодта фонды архайдмæ цæстдарæг советы сæрдар, УФ-йы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Марат Хуснуллин**.

Ацы хатт фонды разамынд кæй уавæрмæ ‘ркаст, уыдоны 'хсæн уыдысты, цæгатирыстойнаг æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "ТулузаИнтерСервис"-ы бæрны йе 'хцатæ чи бакодта, уыцы адæм. Ныхас цæуы, йæ рæстæджы Дзæуджыхъæуы 18-æм микрорайоны цы бирæфатерон цæрæн хæдзары арæзтад райдыдта, ууыл.

Федералон фонды бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ацы æрдæгарæзт хæдзары 132 фатерæй 127 цæрæнуаты арæзтады тыххæй подрядчик æмæ фатерты фидæны хицæуттæ йæ рæстæджы бафыстой бадзырдтæ. Фæлæ алы аххосæгтæм гæсгæ, бирæфатерон хæдзар кæронмæ арæзт не 'рцыд.

Ныр уыцы фатерты хицæуттæн федералон фонд бафиддзæн æхцайы компенсацитæ. Арæзтад кæронмæ ахæццæ кæныны хæс та ныр йæхимæ райста æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Ника".

**Нæ уацхæссæг**

**Дзырды фарн**

*Цæргæс бæрæг вæййы йæ тахтæй,*
*хъæбатыр гуырд — йæ цыдæй.*

*КОЧЫСАТЫ Мухарбег*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **25 январы,** мит уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **2 градусы уазалæй — 3 градусы онг хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **0 градусы.**

Боны дæргъ — 09,38

**Хурыскаст** — 07,22
**Хурныгуылд** — 17,00

Валютæйы аргъ: **Доллар** — 76,61↓ **Евро** — 86,87↑

12+

Сæрмагонд уавæрты

# Оперативон штабы уынаффæ

Цæгат Ирыстоны ног коронавирусон хæцгæ низæй чи фæрынчын, уыдонæй 20-мæ рабæрæг "омикрон". Уый тыххæй Ног коронавирус парахат кæнынæн гæрæнтæ æвæрыны оперативон штабы æмбырды фехъусын кодта республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.

Республикæйы иумæйаг уавæры тыххæй дзургæйæ, "Роспотребнадзор"-ы цæгатирстойнаг управленийы хицау **Тыбылты Алан** куыд загъта, афтæмæй 19 адæймагæн сæ низ у уæззау вирусон инфекцийы æнгæс, иу адæймагмæ та бæрæггæнæнтæ нæй. Сыбираг ахуыргæндтæ цы тесттыл бакуыстой, уыдон ацы бонты сæмбæлдзысты республикæйы. Уæд бæрæггæнæнтæ уыдзæн бынаты кæнæн, Стъараполы емынæйы ныхмæ институтмæ сæ не 'рвитгæйæ.

Ацы къуыри ивгъуыд рæстæгимæ абаргæйæ, низы бæрц 10,5 проценты фæфылдæр, ковид-рынчындæттæм та 4,7 проценты къаддæр адæм æрбацыд. Сывæллætты 'хсæн низ æртæ хатты фылдæр фæцис, Республикон сывæллæтты клиникон рынчындоны ис 57 сабийы, сæ диагноз у ковид.

"Росздравнадзор"-ы регионалон управленийы разамонæг **Ольгæ Давыдова** куыд радзырдта, афтæмæй тагъд "омикрон" хъуамæ рапарахат уа. Уый тыххæй сæхи цæттæ кæнынц, хъæугæ хостæ æфснайынц. Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** куыд загъта, афтæмæй ахуыргæнæн кусæндæтты уавæр февзæрдæр. Скъолаты сæхгæдтой 67 къласы. Низ 20 проценты кæм рабæрæг, уыцы районты ахуырады управленитæн бафæдзæхста авд боны æмгъуыдмæ сæ сæхгæнын.

Уавæр куы фæцуда, уæд Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, скъолатæ дæрддзæг куысты уагмæ раивдзысты. Коронавирусæй чи фæрынчын, уыдонæн сæ низы фæстиуджытæ иуварс кæныны хъуыддаг дæр уал санаториты урæд æрцæудзæн. Фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ** куыд бамбарын кодта, афтæмæй январы реабилитацимæ арвыстой 176 адæймаджы. Ацы къуыри уыдонæй æхсæзæн сæ буары тæвд уыд бæрзонд. Уавæр куы фæнывылдæр уа, уæд та сæ ногæй санаторитæм рахондзысты.

"Ковиды рæзты ныхмæ хъуамæ мадзæлттæ аразæм, низ ма бауадзæм парахат кæнын. Лабораторитæ хъуамæ кусой æхсæвæй-бонæй", — загъта Сергей Меняйло. Рынчындæтты сæйраг дохтыртæн та бафæдзæхста медицинон кусджыты хъомылад, адæммæ уæлæнгай цæстæй кæсынц. Æппæт ахæм цаутæ та æвзæрст æрцæудзысты.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Нысантæ

# Æмархайд — информацион политикæйы къабазы

**Ивгъуыд къуырийы кæрон Цæгат Ирыстоны кусæг балцы уыд Уæрæсейы паддзахадон информацион агентад "ТАСС"-ы генералон директоры хæдивæг Андрей СОКОЛОВ. Республикæйы уазæгимæ фембæлд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**



Фембæлды архайджытæ æркастысты сæйрагдæр фыдыбæстæйаг информацион агентад æмæ республикæйы 'хсæн æмархайды фарстатæм.

Ныхасы рæстæг куыд загъдæуыд, афтæмæй фæстаг азты нымæцон технологитæ афтæ тагъд рæзынц, æмæ иудадзыгдæр рæстæджы аккаг ивддзинæдтæ хæссын хъæуы дзыллон информацийы фæрæзты архайдмæ. Æппæт уыцы æууæлтæ хынцгæйæ, республикæйы саразын хъæуы регионалон журналистикæйы рæзтæн ахъазгæнæг фадæттæ.

Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй, уыцы хъуыддæгтыл кусгæйæ, 2023 азы республикæйы хъуамæ байгом уа сæрмагонд пресс-центр. Уыцы структурæ саразыны хъуыддагмæ йе 'вæрæн бахæсдзæн "ТАСС" дæр.

Андрей Соколовы ныхасмæ гæсгæ, регионалон журналисттæн информацион агентад фæхай кæндзæн йæ технологитæй, стæй йæ кусджыты фæлтæрддзинадæй дæр. Ныхасы архайджытæ æркастысты, республикæйы цард дзыллон информацийы федералон фæрæзты куыд æвдыст цæуы, уымæ дæр. Сæ иумæйаг хъуыдымæ гæсгæ, Цæгат Ирыстоны æвæрццæг фæлгонц уæрæхдæр равдисынæн саразын хъæудзæн уæлæмхасæн медиа-проекттæ.

Сергей Меняйло куыд фæбæрæг кодта. афтæмæй агентад "ТАСС"-имæ æмгуыстад зынгæ фæхъомысджындæр кæндзæн республикæйы дзыллон информацийы фæрæзты къабаз.

— Мах хорз æмбарæм, абоны дунейы æххæст æмæ рæстаг информацийæн цы стыр аргъ ис, журналистон æмæ экспертон æмæхсæнады минæвæрттыл цы бæрнон хæстæ æвæрд ис, уый. Мæ зæрдæ дарын, республикæ æмæ бæстæйы егъаудæр информацион агентады 'хсæн æмгуыстад уæрæхдæр кæй кæндзæн, ууыл, — кæронбæттæны фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.

Фембæлды архайдта "ТАСС"-ы департаменты директор **Татьянæ Караваева** дæр.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Фембæлд

# Амæлæг сылгоймæгты хиуæттимæ ныхас

**Республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло фембæлд, Рахизфарсы районы рынчындоны фарон азы кæрон цы æнхъæлцау сылгоймæгтæ амардысты, уыдоны хиуæттимæ.**

Хиуæттæ ракуырдтой республикæйы разамонæгæй, цæмæй сылгоймæгты æмæ сæ сабиты амæлыны цаутæ æвзарыны хъуыддаг райса йæхи цæстдардмæ. Аххосджынтæн та æмбæлгæ æфхæрд рахæссой.

Сергей Меняйло тæфæрфæс ракодта хиуæттæн, республикон хицауады 'рдыгæй хъуыддæгтæ бæстон æвзæрст кæй æрцæудзысты, уымæй сын зæрдæ бавæрдта. "Мæ куырдиатмæ гæсгæ нæм Уæрæсейы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады специалисттæ æрцыдысты, экспертизæ скодтой. Республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министры размæ дæр сæвæрдтон æппæт уавæр равзарыны хæс. Сымах дæр барадхъахъхъæнынады оргæнтæм кæй фæсидтыстут, уый зонын. Цæмæй уавæры æцæгдзинад равзарой, уый тыххæй бафæдзæхсдзынæн барадхъахъхъæнæг оргæнтæм, цæмæй специалисттæ фæрсæрдыгæй æрбахоной æмæ Рахизфарсы районы æрцæуæг цаутæ равзарой", — фæбæрæг кодта республикæйы Сæргълæууæг.

Ныртæккæ уал Сергей Меняйло аныхас кодта Слестгæнæг комитеты Цæгат Ирыстоны управленийы разамындимæ. Амæлæг æнхъæлцау сылгоймæгты хиуæттæ куыд загътой, афтæмæй сæ зæрдæ дарынц, хъуыддæгтæ бæстон æвзæрст кæй æрцæудзысты, ууыл. **Нигколты Игор** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй сæ фæнды æцæгдзинад базонын, цæмæй уыцы рынчындоны мачиуал амæла. Сæ ныхасмæ гæсгæ, сидт арвыстой Уæрæсейы Слестгæнæг комитеты разамонæг Александр Бастрыкинмæ.

Республикæйы разамонæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй аныхас кæндзæн Слестгæнæг комитеты разамонæгимæ, слестгæнæг мадзæлтты размæ сбæрæг кæндзысты æппæт уавæртæ. Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, 2021 азы, сентябрæй-декабрмæ, æнхъæлцау сылгоймæгтæй Рахизфарсы районы амардысты 6, рынчындонмæ сæ бабастой коронавирусы азарæй.

**Нæ уацхæссæг**

Æхсæнадон организациты

# Адæмон фронты хъæппæрисæй...

**Уæ хорзæхæй, Дзæуджыхъæуы Черняховскийы уынджы 27-æм хæдзары кæрты сывæллæтты хъазæн фæзы раууатмæ æрцæуæг ифтонггæрзтæ банывыл кæнут, зæгъгæ, афтæ фыст кæм ис, Æппæтуæрæсеон адæмон фронты цæгатирыстойнаг эксперттæ горæты администрацимæ ахæм куырдиат барвыстой.**

Чи сызгæ, уæвæн ис, æмæ æмбонды уыцы згъæр хызæг цыфæнды уысм ныккæлдзæн æмæ афтæмæй фыдбылызы надæн ам сæвзæрдысты тæссаг уавæртæ, — хъаст кæнынц Черняховскийы уынджы бирæфатерон хæдзары цæрæг адæм.

— Фæндзæм аз хъазæн фæзты уавæрмæ цæст дарæм, фæлæ ахæм уавæрыл фыццаг хатт сæмбæлдыстæм. Æппæт спортивон объект банымайæн ис адæймаджы царды тæссаг тæлмыл. Згъæр æмбонд æмæ футболон кулдуар цы уысм ныккæлдзысты, уый бæрæг нæу. Ам цыфæнды афон фыдбылызы æрцыдæй тæссаг кæй у, уый



æрцыдæй тæссаг у. Æхсæнадон организацийы уæнгтæ спортивон объекты хъæндзинæдтæ раргом кодтой радон рейд "Сабиты æдасдзинад" æххæст кæныны рæстæг.

— Цалдæр азы размæ ацы фæз раууатмæ æрцыд, фæстаг рæстæг та сывæллæтты æнæниздзинадæн ам сæвзæрдысты тæссаг уавæртæ.

Бынаты куыд рабæрæг, афтæмæй спортивон фæзы раууатмæ æрцыд канд æмбонд нæ, фæлæ, зæххыл фидаргонд чи нæу, ахæм футболон кулдуар дæр (уыимæ, ам арæх фæцæуынц ацæргæ адæймæгтæ æмæ колыскæтимæ ныййарджытæ).

нымайгæйæ, горæты хицауадæн фæдзæхсæм нæ куырдиатæн дзуапп радтын æмæ хъазæн фæз банывыл кæнын, — зæгъы Адæмон фронты цæгатирыстойнаг регионалон æххæсткомы разамонæг **Гæлиты Клим**.

**БÆДТИАТЫ Оксанæ**

Барадхъахъхъæнæг оргæнты архайд

# Хъуыддаджы балц

**Цæгат Ирыстоны мидхъуыддæгты министр, пъæлицæйы инæлар-лейтенант Андрей СЕРГЕЕВÆН уыд хъуыддаджы балц Мæздæджы районы мидхъуыддæгты хайадмæ.**

Балцы рæстæг министр æмæ хайады хицау, пъæлицæйы булкъон **Ашот Ковхоянц** æрныхас кодтой мидхъуыддæгты фæзуатон далхайады куыстæн фадæттæ аразыны фарстатыл. Уымæй уæлдай, министр рабæрæг кодта радхæссæг хайады куыст дæр.

Андрей Сергеев уæлдай фылдæр æргом аздæхта æхсæнадон фæтк хъахъхъæнæг дæлхайæдты архайды æмæ адæмон дружинæтимæ бастдзинады фарстатæм. Слестгæнæг хайад бабæрæг кæнгæйæ, министр ныхас кодта слестгæнджытимæ, бафарста сæ, адæмы сагъæсы бафтауæг фыдракæндтæ (уыимæ — дæрддзæгмæ цæстфæлдахæн митæ) æвзæрст куыд цæуынц, уымæй. Инæлар сæйраг дæлхайæдты разамонджытимæ дæр æрныхас кодта куыстæн фадæттæ аразыны ахсджиаг фарстатыл.

Уæрæсейы Мидхъуыддæгты министрады разамынд ацы азмæ кæй сæвæрдта, уыцы вазыгджын хæслæвæрдтæ нымайгæйæ, балцы кæрон Андрей Сергеев радта барадхъахъхъæнджыты куысты ахадындзинад уæлдæр кæнынмæ арæзт цалдæр бардзырды.

**Нæ уацхæссæг**

Цæстдард

# Рагацау бафидаугæйæ



**Цæгатирыстойнаг Прокуратурæ Ветеринарон æмæ фитосанитарон цæстдарды федералон службæйы Цæгат Кавказы регионты иумæйаг управленийы дыууæ хицауиуæггæнæг адæймагыл уголовон хъуыддаг саразыны тыххæй уынаффæ банымадта растыл.**

Ацы адæймæгты зылын кæнынц Уголовон кодексы 290 статьяйы 5 хайы пункттæ "а" æмæ "б"-йы ("Рагацау бафидаугæйæ, цалдæр адæймаджы бадомдтой гæртам") амынд фыдракæнд саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, "Россельхознадзор"-ы цæгаткавказаг управленийы цæгатирыстойнаг хайады инспектортæ фæсарæйнаг паддзахæдты уагъд хъæууонхæдзарадон продукци автомобилтæ бауадзæн дунеон бынат "Уæллаг Ларс"-ыл ласæг адæймæгтæй фитосанитарон сертификат саразыны тыххæй бадомдтой æхца сын бафидын (нæ домæн баххæст кæныныл кæд не сразы уат, уæд уын Уæрæсемæ æрбацæуыны бар нæ уыдзæн, зæгъгæ, хæдтулгæскъæрджытæм афтæ бартхъирæн кæнгæйæ).

Хицауиуæггæнæг адæймæгтæ æнæзакъонæй кæй архайынц, уый хатгæйæ, хæдтулгæскъæрджытæ хицауиуæггæнæг адæймæгтæн æхца радтыны фæстæ Уæрæсейы Æдасдзинады федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленимæ бахъаст кодтой.

Барадхъахъхъæнджытæ инспекторты æнæзакъон архайдæн уайтагъд кæрон сæвæрдтой.

Уголовон хъуыддаг куыд æвзарынц, республикæйы Прокуратурæ уымæ цæст дары.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Куысты ног бынат

# Сенаторы æххуысгæнæгæй...

**ЦЪЫККАТЫ Земфирæ ссис Федерацийы Советы уæнг ФАДЗАЙТЫ Арсены æххуысгæнæг (сенатор ацы хабар фехъусын кодта Instagram-ы хи фарсыл).**

Цъыккаты Земфирæ разамынд дætты "Адæмы бартæ хъахъхъæнынады центр"-æн дæр.

"Æнæхиндзинадыл тохгæнæг Цъыккаты Земфирæйы бирæтæ зонынц. "Адæмы бартæ хъахъхъæнынады центр"-ы ног разамонæджы бынат бацахсæг Земфирæ æххуыс кæндзæн рæстдзинадыл тохгæнæг адæмæн. Уымæй уæлдай, ацы сылгоймаг



Федерацийы Советы сенаторы æххуысгæнæджы хæстæ дæр æххæст кæндзæн", — ныффыста Фадзайы-фырт.

Сенаторы ныхасмæ гæсгæ, алы адæймагмæ дæр ис официалон кусæндон "Адæмы барты хъахъхъæнынады центр"-мæ бахатыны бар.

**Нæ уацхæссæг**

Хъысмæт

# Ходаг сылгоймаджы цардвæндаг

**Алы адæймагæн, бинонтæн дæр ис йæхи хъысмæт, йæхи цард, æмæ уыдæттæ æнæзонгæ нæ вæййынц йæ æвввахсдæр хæстæджытæ æмæ къабæзтæн. Фæлæ дыл 90 азы куы рацæуа, уæд та дæ царды хабæрттæ диссаг фæкæсдзысты æцæгæлон адæммæ дæр, æмæ уыдоны тыххæй нæхи Валя арæх фæдзуры.**

Уый райгуырд Хъайтыхъты Хадзырæты бирæсывæллонджын бинонты 'хсæн хæххон хъæу Уæллаг Ходы.

Уæды рæстæджы царды уавæртæ хорз кæм уыдысты, фæлæ йæ мад Касаты Лафе никуы ницæмæй фæтыхст. Йæхи аст сывæллонæй уæлдай семæ цард йæ тиу æмæ 114-аздзыд, æппæтæн дæр уарзон нана — Нартыхъты Надя. Æрмæстдæр Надяйыл цыппæрдæс азы цыд, Валяйы фыдыфыд Бæбу йæ сау нымæты куы аскъæфта, æмæ йæ хæстæджытæй дæрддзæф куы бамбæхста, уæд. Хъысмæты афтæ бафæндыд æмæ Бæбуйæн йæ ус амард, баззад ын æртæ сывæллоны æмæ йæ хъæуккаг фырнымд чызгыл йæ цæст æрхæцыд, равзæрста йæ дыккаг усæн æмæ йын фæстæдæр 9 сывæллоны дæр ма ныййардта.

Ай-гъай, Валя арæх æнæрымысгæ нæ вæййы йæ сывæллоны бонтæ. Æнахуыр диссаджы нывæфтыд къуым у Садонгомы Уæллаг Ходы хъæу. Уый ис денджызы æмвæзадæй 1900 метры уæлдæр æмæ Алагиры районы хауы Мызуры цæрæнбынатмæ. Зæронд лæгтæ дзырдтой, зæгъгæ, Уæллаг Ход у Хуыцауы фæлладуадзæн бынат. Афæдзы кæцыфæнды афон дæр æм сыгъзæрин хур йæ зынг цæстæй фæкæсы хæхты сæрæй, æмæ суанг зымæгон дæр мит, æвзистау, æрттивын райдайы, уалдзыгон та хæххон дымгæтæ фæхæссынц дидинæгкалæг бæлæсты хæрздæф.

Æппæт ацы æрдзон нывтæ æдзухдæр фæуайынц Хъайтыхъты Валяйы цæстытыл. Нæ дзы рох кæнынц йе 'рвадæлты нæлгоймæгтæ: дыууæ Микъалайы, Науырыз, Берд, Знауыр, Васкæ æмæ Мишкæ. Садоны здыйыцинчы комбинаты куыстой Хъайтыхъты Мæхæмæт, Къола, Петкæ, Хъындзи, Едзиты Иван, Алыксандр,



Аксо, Хадзымуссæ, Созайты Дзамæрз, Гергиты Бимболат, Гатеты Хæмыц, Тотыр æмæ æндæртæ. Арæх-иу уыдон бадтысты Уæллаг Ходы ныхасы æмæ лыг кодтой хъæуы ахсджиаг фарстатæ.

Уæдæ сылгоймæгтæ дæр уарзтой иумæ æмбырд кæнын. Чъиритæ кæнæ-иу хæндыджы цыхт рахастой æрдузмæ æмæ минас кодтой, æддæдæр та-иу сывæллæттæ хъазыдысты ирон хъæзтытæй.

Нæ хъуыды кæны Валя, æмæ хъæуы сывæллæттæй исчи къулбадæг уыдис, уый. Хистæртæ уæды рæстæджы хъомыладон фарстатæм стыр æргом здæхтой. Кæстæртæ-иу куы бахъомыл сты, уæд таиу сæ цард арæхдæр баиу кодтой сæхи хъæуккаг чызджытимæ, хорз чызджы Уæллаг Ходæй никæдæм уагътой. Уымæ гæсгæ ныртæккæ Хъайтыхътæ æмæ Дзугкойтæй бирæтæ сты кæрæдзийы хæрæфырттæ. Хъæуы цардысты Едзитæ, Гергитæ, Гатетæ, Созайтæ æмæ æндæрты минæвæрттæ — æдæппæтæй авд мыггаджы.

Хъайтыхъты Валя ма абоны хуызæн хорз хъуыды кæны бынæттон аргъуан дæр. Уæды рæстæджы уый уыдис Ирыстоны хуыздæртæй иу. Ардæм хъæуы цæрджытæ цыдысты Хуыцаумæ кувынмæ, ирон сауджын та донаргъуыд кодта сывæллæтты дæр. Фæлæ адæм нæ рох кодтой сыгъдæг бынæттæ дæр. Уæлдай кадджындæр сæм уыдис Хуыцауы дзуары, Уастырджийы, Мады-Майрæмы æмæ иннæ зæдты бæрæгбæттæ. Таурæгъы куыд баззад, афтæмæй Æфцæджы дзуары зæрдæ фæхудт йæ раздæры кувджытыл, æмæ Уæллаг Ходы æрбынæттон бæрзонд къæдзæхыл, æмæ уый тынг æхсызгон уыд хъæуы цæрджытæн.

Уæды рæстæджы Ходы хъæуы уыдис 170 хæдзары, бирæтæ дзы уыдысты бирæсывæллонджынтæ. Хъæуы цы дыууæуæладзыгон райдайæн скъола уыдис, уым Валя райдыдта ахуыр кæнын, дарддæр та хъæуы сывæллæттæ фæнды уаргæ кодтаид, фæнды хур кастаид, ахуыр кæнынмæ цыдысты Галонмæ. Хохæгтæ архайдтой, цæмæй сæ сывæллæттæ æнахуыргондæй ма баззайой, æмæ сын уый тыххæй æппæт фадæттæ дæр арæзтой, чи нæ ахуыр кодта, уыдон та-иу карз æфхæрд баййæфтой. Зæгъæм, Валя куыд радзырдта, афтæмæй йæ фыды фыд Хъайтыхъты Науырызы ус Веришка — РЦИ-Аланийы Арбитражон тæрхондоны раздæры сæрдар, ныр та — Иркутскы облæсты Арбитражон тæрхондоны сæрдар Æлдаттаты Батрадзы мадымад Веришка-иу алы хатт дæр йæхи тызмæгæй равдыста йæ аст сывæллонæй-иу исчи йæ уроктæ куы нæ сахуыр кодта, уæд. Фæстæдæр æппæтæйдæр аккаг бынæттæ æрцахстой æхсæнады, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты йын цы лæппу фæмард Æндрускæ, зæгъгæ, уымæй фæстæмæ.

Хæст куы райдыдта, уæд Ходы фæсивæд ацыдысты фронтмæ — Валяйы фыд Хадзырæты дæр бахъуыд цыфыддæр знаджы ныхмæ хæцын. Сывæллæттæ баззадысты йæ мад Лафейы æвджид. Иу бон Валя кæсы сæ хæдзары къæсæрæй æмæ арвыл ауыдта, Хохы Урсдоны 'рдыгæй чи тахт, ахæм немыцаг фараст хæдтæхæджы, æмæ æмбаргæ дæр ницыма бакодта, афтæмæй бомбæтæ æппарын райдыдтой дæлстанцæйы стыр агъуыстыл, Садоны районы инфраструктурæйы æндæр объекттыл. Уæды рæстæджы Садон, Галон, Мызур уыдысты Уæлладжыры комы æппæты стырдæр цæрæнбынæттæ æмæ тыхгæнджытæ хъавыдысты уыдон ныппырх кæнынмæ. Фæлæ сын дзы ницы рауад. Сырх Æфсад сын мæлæтдзаг цæф куы ныккодта, уæд лидзæг фесты Ирыстоны зæххæй.

Хæсты фæстæ Хъайтыхъты бирæсывæллонджын бинонтæ сæ цæрæнбынат раивтой Дæллаг Ходмæ æмæ æрцардысты Хъайтыхъты Завленкæмæ, стæй сабыргай сæхæдæг хæдзар арæзын райдыдтой. Фæстæдæр хистæр æфсымæр Барисмæ фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм æмæ бинонты царды уæз æрæнцад иннæ сывæллæтты уæхсчытыл. Уæды рæстæджы колхоз "Сырх Ход" хъуыстгонд уыд йе стыр æнтыстдзинæдтæй. Валя ныр дæр ма сæрыстыр у, хæдзарады иумæйаг къæбицмæ йæ бинонты фæллой дæр хаст кæй цыд, уымæй, сæ сæргъы та лæууыд хæсты архайæг фыд — Хадзырæт. Фæлæ йе 'нæниздзинад хъыгдард уыдис æмæ чысыл фæстæдæр бинонтæ æнæ фыдæй азадысты.

(Кæрон 4 фарсыл)

Юбилей

# Арфæтæ – ветеранæн

**20 январы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг, мæздæггаг Аркадий Федоры фырт Савалуевыл сæххæст 95 азы. Æрвылаз йæ райгуырæн бон хицауады, стæй æхсæнадон организацитæ æмæ æфсæддон хæйтты минæвæрттæ нæлгоймагæн кад скæнынц.**

Ацы хатт дæр ветераны зæрдæ барухс кодтой. Хæсты архайæг кæм цæры, уыцы хæдзары кæртмæ æрбацæуæг 23511-æм æфсæддон хайы оркестр ацагъта композици "Мах хъæуы иунæг уæлахиз". Лæвæрттимæ æрбацæуæг уазджытæ (уыдонимæ – бархионты къорд "Мæздæджы уæздан зæрдæ"-йы уæнгтæ дæр) ветеранæн зæрдиаг арфæтæ ракодтой.



Амынд бон изæрæй ацæргæ адæймаг йæ хиуæттимæ иумæ йæ юбилей сбæрæг кодта.

1944 аз 17-аздзыд Аркадий Савалуевмæ хæстмæ фæсидтысты. Амынд рæстæгмæ лæппу авдазон скъола æмæ хæдтулгæскъæрджыты курсытæ каст фæци, стæй кусын райдыдта.

Хæцæг æфсады артиллерион полчъы службæ кæнгæйæ, Аркадий дзы ахста америкаг уæзласæн хæдтулгæ "Студебеккер"-ы скъæрæджы бынат, æмслужбæгæнджытæн хæцæн æрмæг ласта. Фæстæдæр лæппу службæ кодта бастдзинады æфсæддон дæлхайады, цыфæнды боныхъæды рæстæг дæр-иу бастдзинадараздзжыты дардмæ цæуын бахъуыд. Аркадий Савалуевæн радтой "Хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй", "Германыл уæлахизы тыххæй" æмæ "Японыл уæлахизы тыххæй" майдантæ, стæй Фыдыбæстæйы хæсты 2-аг къæпхæны орден...

**Юлия ЮРОВА**

Нæ "кæстæр æфсымæртæ"

# Куыдзы зæрдæ

Бирæ диссæгтæ æмæ тæмæстæ ис фехъусæн куыдзы иузæрдиондзинад, æнувыддзинады тыххæй. Фæлæ дзы мæнмæ иууыл диссагдæр кæсы, куыдз, йæ хицауы амарды фæстæ, йæхи куыд рауæлдай кодта, уæлмæрдтæй-иу, кæуæгау, йæ ниуын куыд хъуыст, æмæ йæ иуафон йæ хицауы ингæныл мардæй куыд ыссардтой, уый. Æмæ мæнæ æвзæрæрдæм афтæ куы фæзæгъынц, мæ куыдз дыл амæлæд, зæгъгæ, уæд уый мæнмæ æппындæр раст нæ кæсы. Растдæр уаид, мæ куыдз дыл амæлæд нæ, фæлæ мæ куыдзыл амæлæд. Уый тыххæй мæ бындæр бамбардзыстут.

Цæвиттон, махмæ дæр кæддæр уыдис иу ахæм хорз куыдз Бугъули. Афтæ йæ цæмæн хуыдтам, нæ зонын, фæлæ уый сæйрагдæр нæу. Зæрдæйы айдæн, дам, цæстытæ сты, æмæ уый дæр, адæймагау, æдзух цæстытæм каст, бинонты цæстытæм, раст сын, цыма, сæ зæрдæйы уаг, сæ зæрдæйы ахаст бамбарынмæ хъавыд, уыйау.

Мах нæ куыдзы фылдæр хатт бастæй дардтам, кæрты иу цæджындзæй иннæмæ цы ставд тел тыгъд уыд, уый ласт уыд рæхысы кæройнаг цæджы æмæ куыдз телы бынты разгъор-базгъор кодта. Куы-иу æй суæгъд кодтам, уæддæр-иу уынджы цæуæгыл дзæгъæл рæйд не скодтаид. Дæ цæстытæм дын скастаид æмæ дæ цæстæнгасæй æмæ былты змæлдæй дæр бамбæрстаид, рæйын ыл кæй нæ хъæуы, уый. Йæ къæдзилиу цины тылд бакодтаид, дæ фарсмæ æрбадтаид, цыма уый дæр æнхъæлмæ каст цæуæгæн "дæ бон хорз" зæгъынмæ.

Рæстæг цыдис. Уæд ма зæронд æлыгбын хæдзары цардыстæм, уыдис нын дзы нæ хъæуккаг хорз дурынпецтæ амайæджы амад пец. Сугтæ йын йæ æртгæнæны бандзар æмæ-иу артæн уайтагъд йæ гуыр-гуыр ссыди. Ахæм артыл-иу цы хæринаг фыхтам, уый цыбæлгæнæн хæрздæф-иу калд суанг иннæ сыхмæ дæр.

Иуæхсæв Бугъули бастæй цыдæр æнахуыр хъуырдухæн кодта, сниуæгау-иу кодта, афæлвæрдта-иу, йæ хъуырыл цы гæрзбæттæн баст уыд рæхысмæ, уый йæ сæрæй раппарыныл, раззаг къæхтæй дæр-иу ацархайдта. Æз уый куы бафиппайдтон, уæд куыдзæн фæтæригъæд кодтон æмæ йæ суæгъд кодтон.

Бинонтæ æхсæвæр хæрыныл куыд æрбадтысты, афтæ дуары хыртт-хыртт ссыди – куыдз йæ раззаг къæхтæй дуар хафта, хойæгау кодта. Мах æй æххормагæй никуы ныууагътам, нæ комы комдзæгтæ дæр ма йын лæвæрдтам, фæлæ, зæгъын, кæд нæ бафсæст æмæ хæринаджы тæфмæ цыбæл кæны. Фæтæгены цырагъ мæ къухы рахастон, йæ ала фæздæг калгæ, æмæ йын иу къуыдырфых дзидзайы къуылдых аппæрстон. Куыдз мын мæ цæстытæм цыдæр æнахуыр каст кодта, фæлæ ацы хатт кæрæдзи нæ бамбæрстам. Куы схуыссыдыстæм, уæддæр ма мæ тыхсын кодтой уыцы цæстытæ, фæлæ уæддæр сæ бамбарынхъом не сдæн.

Дыккаг бон райсомæй куы сыстадтæн, уæд хæринæгтæ дæр æнæвнæлдæй лæууыдысты, куыдз дæр, раздæрау, мæ размæ цингæнгæ нæ разгъордта. Бугъули-Бугъули, зæгъгæ, йæм бирæ бæргæ фæсидтæн, фæлæ – никуы æмæ ницы, йæ кой, йæ хъæр дæр никуыцæй райхъуыст.

Дыууæ боны йæ фæцагуырдтон, стæй йын уæд æртыккаг бон Терчы дæлбыл иу пыхсбыны йæ мард ссардтон. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, хорз куыдз, дам, йæ мард фæсвæдмæ хæссы, зæгъгæ.

Мæ куыдзыл бирæ фæхъынцъым кодтон, фæуынæргъыдтон, стæй дзыхъ скъахтон æмæ йæ уым баныгæдтон. Афтæ йæм цалдæр боны сæргуыбыр æмæ уæнтæхъилæй фæцыдтæн. Фæлæ, уæлдæр цы куыдзы кой ракодтон, уыйау мæнмæ йæ ингæныл амæлыны хъуыды нæ уыд, ахæм уды тых дæр мæм нæ разындаид.

Уæдæй абонмæ Терчы донвæдыл бирæ дон ацыд, фæлæ ма ныр дæр мæ цæстытыл уайы, мæ куыдз Бугъули, йæхи суæгъд кæныныл архайгæйæ, куыд хъизæмар кодта. Уый, мæгуырæг, йæ мæлæт зыдта, фæлæ йæ нæ фæндыдис æрдзы фæтк фехалын – хорз куыдз йæ мард фæсвæдмæ хæссы, – æмæ æддæмæ йæхи уымæн тыдта. Куы йæ суæгъд кодтон, уæд нæ хæдзары дуар та уымæн хыртт-хыртт кодта, æмæ ма бинонты фæстаг хатт куы федтаид, уый йæ фæндыд. Гъе уый та уын, гъе, куыдзы зæрдæ!..

**Абайкуыцыкк**

Презентаци

# Ды цы бон райгуырдтæ Ирæн, уый уæд арфæйаг æнустæм

**Адæймаг хуры кадæн цасфæнды зæрдиаг ныхæстæ куы кæна, уæддæр йæ фарны тых равдисынæн фаг нæ уыдзысты. Раст афтæ, Абайты Васо нæ адæмæн, дунейы æвзагзонынадæн цы хæрзты бацыд 70 азæй фылдæр удуæлдай зонадон куыст кæнгæйæ, уымæй ссис æнусмæ кады æмæ намысы аккаг.**

Абайты Васойы райгуырды 121 азы бонмæ Хуссар Ирыстоны Уанеты Захары номыл зонадон-иртасæн институты арæзт æрцыд йæ цард, зонадон æмæ рухстауæн бирæвæрсыг архайдыл дзурæг æртæтомон æмбырдгонд "Вассойы фарн"-ы презентаци. Йæ сараздзжытæ уыдысты ацы институты мæн æмæ дзы не 'ппæт дæр стæм сæрыстыр. Хуыцауæй йын лæвæрд уыд стыр тых. Уый фæрцы та йæ бон ссис æвзагзонынады алы фарстатæ иртасыны хуыддаджы зынгæ фæд ныууадзын. Политикæйыл дзургæйæ та, æнæ Уæрæсе, махæн, ирон адæмæн, цæрæн нæй. Æз æй алы хатт дæр фæзæсыны хъуыддагыл цас рæстæг æмæ цы уавæрты кусы, уый тыххæй.

Чиныг "Вассойы фарн"-мæ цы æрмæджытæ хаст æрцыд, уыдоны автортæ дзы цы хъуыдытæ бавæрдтой, уыдон кæй æвдисынц Васойы миддуне, йæ цæстæнгас, цы дуджы цард, йæ алыварс чи уыд, уыцы ахуыргæндтæм. Республикæйы разамындæй та Зоя ракуырдта, цæмæй арæзт æрцæуа Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны зонадон æмæ ахуырадон интеллигенцийы иумæйаг æмбырд.

– Уым хъуамæ бæстон æрныхас кæнæм ирон æвзаг иртасыны, æмæ йæ скъолаты æмæ рæвдауæндæтты сабитæн амоныны æмæ ирайнаг æвзæгты алы фарстаты тыххæй уыдысты, уæддæр йæ ныхас уыд минисджын æмæ æнцонæмбарæн. Цæмæй йæ аспирант суыдаин, уый тыххæй ма мын ирайнаг æвзæгтæй уæлæмхасæн фæлварæнтæ дæр раттын кодта. Докторы диссертаци куы хъахъхъæдтон, уæд ыл 80 азæй фылдæр цыд. Уæддæр æхсызгонæй сразы мæ оппонент уæвыныл. Васо Ирыстон куыд уарзта, йæ адæмы фарныл йæ уды æмæ зонды цæхæр куыд бæстонæй æфтыдта, афтæ нæ културæйы æмæ æвзаджы рæзтыл мах дæр кусæм абон æмæ фидæны дæр, – загъта йæ раныхасы Харум.

Газет "Рæстдзинад"-ы




ахуыргонд-нымæрдар, Хуссар Ирыстоны Тыбылты Алыксандры номыл паддзахадон университеты профессор **Битарты Зоя** æмæ Хуссар Ирыстоны Президенты Паддзахадон уынаффæгæнæг, этнограф **Коцты Къоста**. Сæ фæрцы ацы чиныджы фыццаг хатт бæлвырд фæткмæ гæсгæ, æвæрд æрцыдысты Васойы тыххæй 1950 азтæй суанг 2000 азты райдайæнмæ фыст чи æрцыд, уыцы монографитæ, зонадон уацтæ, литературон-аивадон æрмæджытæ. Сæ автортæ сты Ирыстоны, Уæрæсе æмæ дунейы ахуыргæндтæ, Ирыстоны сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæ.

Презентацийы архайдтой Хуссар Ирыстоны Президент **Бибылты Анатоли**, дыууæ республикæйы зонадон æмæ сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæ, Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты ректор **Тедеты Вадим**, Уанеты Захары номыл зонадон-иртасæн институты директор **Гаглойты Роберт**, Васойы аспирант, филологон наукæты доктор, профессор **Тахъазты Харум**, газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор **Хозиты Барис**.

Йæ райдайæны размæ та уал, Цхинвалы Васойæн цы цыртдзæвæн ис, ууыл фысымтæ æмæ уазджытæ сæвæрдтой дидинджытæ. Бæлвыд радзырдтой, ирон æдæмæн æмæ дунеон наукæйæн цы хæрзты бацыд, уый тыххæй.

Презентацийы райдайæны йæ архайджытæ æмæ уазджытæн зæрдиаг арфæ ракодта Гаглойты Роберт. Уый загъта, Васойы зонадон фæллæйттæн сæ ахадындзинад стыр кæй у, стæй æртæтомон чиныг "Вассойы фарн"-ыл йæ саразджытæ цы уавæрты æмæ цы хуызы бакуыстой, уый тыххæй. Арфæ ракодта Хуссар Ирыстоны Президент Бибылты Анатолийæн, ацы ахсджиаг проект царды рауадзынмæ æхцайæ кæй фæкаст, уый тыххæй, æмæ йын ныхасы бар радта.

– Васойы тыххæй нæ хъуыдытæ сты рухс, уыгъын, хъæуы бындуронæй бакусын, фидæны зонадон куыст чи кæна, ахæм суинаг кæстæрты хъомыл кæнынил.

Ныртæккæ фылдæр Ирыстоны наукон куыст кæнынц хистæр фæлтæры ахуыргæндтæ. Ирон æвзаджы рæзты уавæр та æрмæст уыдонæй аразгæ нæу. Йæ бæллиццаг фидæн, фыццаджыдæр, баст у бинонтимæ. Сæ фæрцы, астæуккаг æмæ уæлдæр скъолайы 'руаджы иумæйагæй фидæны зонадон кусджыты æмæ ирон æвзаджы дæсныты, æрыгон ахуыргæндтæ хъомыл кæнынæн иудадзыгдæр куы архайæм, уæд нæ культурæйы, удварны рæзт уыдзæн йæ уагыл.

Ныр та мæ бузныг зæгъын фæнды Битарты Зоя æмæ Коцты Къостайæн, нæ Иры намысджын фырт – Абайты Васойы тыххæй ахæм ахсджиаг чиныг кæй бацæттæ кодтой æмæ мыхуыры кæй рауагътой, уый тыххæй. Сæ зæрдиаг архайд не 'взаджы æмæ зонады хорзæхæн фидæны дæр бæллиццаг уæд, – загъта Анатоли.

Уый фæстæ раныхас кодта чиныг "Вассойы фарн"-ы саразджытæй иу, профессор Битарты Зоя. Йæ хъуыды загъта Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны разамынд æмæ сфæлдыстадон, зонадон интеллигенцийы минæвæрттæ ирон æвзаджы рæзтыл куыд архайынц, сæ размæ цавæр цæлхдуртæ лæууы æмæ ныридæгæн сæ къухы цы æнтыстдзинæдтæ бафтыд, уый тыххæй. Бæлвырдæй радзырдта, номдзыд ахуыргонды бирæвæрсыг зонадон æмæ рухстауæн архайд иртафарстатыл. Уый фадат радтид, нæ адæмы зонды æмæ удварны рæзтæн ахъаз чи фæуа, ахæм бæлвырд хатдзæгтæм æрцæуынæн, – загъта Зоя. Йæ раныхасы ма профессор æрхаста Васойæн йæхи хъуыдытæ зонадон бындурыл арæзт чи уа, ахæм национ скъола байгом кæныны тыххæй. Цæмæй дзы йæ ахуырдзаутæ канд ирон, уырыссаг æмæ фæсарæйнаг нæ, фæлæ ма латинаг æмæ æндæр рагон æвзæгтæ дæр ахуыр

> **"Чиныг "Вассойы фарн"-мæ цы æрмæджытæ хаст æрцыд, уыдоны автортæ дзы цы хъуыдытæ бавæрдтой, уыдон кæй æвдисынц Васойы миддуне, йæ цæстæнгас, цы дуджы цард, йæ алыварс чи уыд, уыцы ахуыргæндтæм."**

кæной.

Йæ раныхасы кæрон та Зоя зæрдиаг арфæ ракодта, чиныг "Вассойы фарн" саразынмæ йæм чи фæкаст, уыдонæн – Хуссар Ирыстоны Президент Бибылты Анатолийæн, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады администрацийы сæйраг консультант Бигъуылаты Людмилæйæн, нæ республикæйы Национ наукон библиотекæйы бæстæзонæн хайады кусæг Тандуты Людмилæ æмæ газет "Рæстдзинад"-ы сæйраг редактор Хозиты Барисæн.

– Фæндзайæм азты ахуыр кодтон Æвзагзонынады институты аспирантурæйы, – дзырдта филологон наукæты доктор, профессор Тахъазты Харум. – Мæ разамонæг уыд Васо. Базыдтон æй зæрдæхæлар адæймагæй. Фæлæ уыцы-иу рæстæг уыд, йæ зонадон архайды та йæхимæ æмæ йæ аспиранттæм домаг цæстæй чи каст, ахæм фенджын, арф æмæ энциклопедион зонындзинæдты хицау æмæ дзырддзæугæ ахуыргонд. Цы лекцитæ каст, уыдон кæд ирон

сæйраг редактор Хозиты Барис презентацийы цы хъуыдытæ загъта, уыдоны стыр аргъ скодта æмбырдгонд саразджыты удуæлдай куыстæн. Чиныг йæ æрмæджыты мидисæй у бæлвырд фæткмæ гæсгæ арæзт. Уый фæрцы та нын æргом æмæ æдæрсгæйæ ис фадат зæгъынæн, нырæй фæстæмæ номдзыд ахуыргонды цард æмæ зонадон архайды тыххæй диссертацитæ чи фысса, уыцы ахуыргæндтæн Зоя æмæ Къоста бацыдысты стыр хорзы. Библиотекæтыл æмæ архивтыл сæ зилын нал хъæудзæн. Фæлæ чиныг "Вассойы фарн"-æй куы пайда кæной, уæддæр сæ зонадон куыст уыдзæн æнтыстджын.

Номдзыд ахуыргонд Абайты Васо, куыд ирон æмæ ирайнаг æвзæгтæ иртасæг, сæ равзæрд сын бындуронæй бæрæггæнæг, адæмы удварны рæзты уагыл цы фарстатыл сагъæс кодта, уыдонæй сæйрагдæр уыд, царды зилдухæнты размæ тындзгæйæ, дзыллæтæ удварнæй кæй фæмæгуырдæр сты, уый. Йæ ацы хъуыдытæ абон дæр ахсджиаг кæй сты, æмæ сæ алыг кæныныл ирон æвзаг æмæ национ културæйы рæзтыл кусгæйæ.

Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны зонад æмæ ахуырады минæвæрттæ бæлвырдæй кæй архайынц, уый бæрæг уыд презентацийы архайджытæй Хуссар Ирыстоны ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Гаглойты Элисойы**, ХИПУ-ы ректор Тедеты Вадимы, профессор **Кокойты Таймуразы**, кафедрæты сæргълæуджытæ **Пæррæстататы Мананæйы**, **Цыхуырбаты Мирæ** æмæ Уанеты Захары номыл зонадон-иртасæн институты наукон кусæг **Абайты Зарæйы** раныхæстæй.

Презентацийы кæрон Битарты Зояйæн, Коцты Къоста æмæ æппæт архайджытæн сæ мыггаджы советы номæй арфæ ракодта газет "Северная Осетия"-йы сæйраг редактор **Битарты Маринæ**.

**ГАСАНТЫ Валери,**
**Цхинвал-Дзæуджыхъæу**

Поэзийы уылæнтæ



## *АБАЙТЫ Эдуард*

xxx

**Лæг – лауыз, ус – фæлдахæг,**
**Æдзух кæнынц хылкъахæн.**
**Лæг урс зæгъы, ус – сау,**
**Цу, равзар сæ, Хуыцау!..**

**Быцæу – æхсæв дæр, бон дæр,**
**Фæлæ кæнынц æнгомдæр.**
**Фæзæгъынц адæм раст:**
**"Фæрæтхъæдæй сты барст"...**

xxx

*Мæ уд мын мæ дæндаг куы ласы!*
*Нæ быхсы дæндагрыстæн арс,*
*Æз та йын быхсын 'мæ фæразын.*
*Куыдзы тугæй æхсад дæн æз!..*
*Мæ хъуыды дæндагау, куы схауди,*
*Мæ уд уæд æрцыди, æрцарди...*

xxx

***Кæронæй бадыс, царды та уæддæр***
***Уæле бадджытæй ноджы дæ уæлдæр.***
***Æрцæуы иу хатт алцæмæн кæрон.***
***Кæмæн дзы рæстæг сæвæры хъæрон***
***Нысан, кæнæ та бирæстъæлфыг... стъæлф***
***Ды рæстæгæй. Дæ хуыздæр нысан – стъæлф!..***
***Æрмæст та абад, абад та дæлдæр,***
***Дæлдæр абадæг, дам, кæны уæлдæр...***

xxx

Сæ фырхъалæй хъайла куы цæгъдынц нæ иутæ,
Сæ мæгуырæй иннæтæ 'хсынынц сæ хъиутæ.
Æмхуызон цæрын нæ нæ фæнды – хæлиуæй,
Хæлиу ныллæууæгæн та тас у фæхиуæй,
"Мæн у ай!" – мах зæххыл дæлгоммæ ныххуыссæм,
Уæлгоммæ нæ дыгай метыртæ – æмхуызон.

xxx

***Райгуырдтæн 'мæ амæлдзынæн хъæуы.***
***Мæн зæххыл хуыздæр амонд нæ хъæуы.***
***Æз кæмдæр фыдыуæзæг нæ мысын,***
***Кæрчытимæ растын æмæ схуыссын...***

***Терк ызгъоры, раздæрау, мæ фарсмæ.***
***Ам лæууын æз дун-дунейы астæу.***
***Ме 'нгузмæ здæхт, раздæрау, мæ сынтæг,***
***Фæлæ мын зæрыбон та мæ сынт уæд...***

xxx

Æнгуз ызгъæлынафон.
Æсиллæг та ис халон...
Æнгуз бæласы сæрæй
Æруад бынмæ æхсæрæг.
Йæ фæрнæйдзаг къæбицы
Æфтауц кæны йæхицæн.
Чысыл фалдæр фæхъуызы
Гæбæц-гæбæцы уызын,
Йæ рагъыл та – сырх фæткъуы.
Уый ацафоны фæтк у!..
Ды дæр ызмæл, сым-сымæг,
Æрæййафдзæн дæ зымæг!..

## Уайдзæф

**Цым рæгъæд у, цымæ,**
**Бавнæлдтон мæ цыммæ.**
**Нал лæууы гæдзæмæ**
**Ме 'внæлдæй – гæзæмæ...**

**Сфæлдисæг, дам, радта**
**Мæн дæуæн. Мæ рад та**
**Ацыди æрæджы,**
**Бакодтай æрæджы.**

**Цымдзæссыгты гæр-гæр**
**Нал лæууы æгæр-'гæр.**
**Охх, мæнæн у ай цæф –**
**Цымбæласы уайдзæф!..**

## Мæ фыдымад Мелес-Хæмыцонæн

***Мæ фыдымад – Хæмыцон,***
***Куыннæ йæ хъуамæ мысон,***
***Куыд-иу быдта йæ цъында***
***Йæ цæстыты æрцъындмæ?!***

*Мæ хъустыл 'й амынд уайы:*
*"Цъындайау цард цæстгай у,*
*Нæ дзы фæхæст дæ иуыл –*
*Дæ цъында фехæлд иууыл".*

***Цъындадзæстытау – м 'азтæ,***
***Ныххауынæй сын тарстæн.***
***Хæмыцонæн йæ ныстуан***
***Дзæнгæрæгау æз хъуыстон...***

Мæ фыдымад – Хæмыцон,
Куыннæ йæ хъуамæ мысон!
Йæ хъæды уыд, йæ уæнджы
Зæрондæй дæр – нæуæг чындз.

**Йæ разæй цыд йæ тухæн.**
**Æддæг-уæлæ йæ къухтæ**
**Уый не 'рывæрдта никуы,**
**Цæмæфæнды фæринк уыд!..**

Æхсæвæй, дам, цы кайыс –
Дæ цардæй дын уæлдай у...
Кæд уый тыххæй ды афтæ
Дзæвгар азтæ фæцардтæ?!

**Хæмыцоны фæзмгæйæ,**
**Æз ме 'хсæвæй фæтонын**
**Мæ рæнхъытæ фысгæйæ,**
**Ныр дæр та мыл ысбон и...**

xxx

***Цæссыгау рантысæм сыгъдæгæй.***
***Хуыйынц нæ дæлхъуырты æгънæгæн.***
***Табу, Хуыцау æмæ мæ мадæн,***
***Кæй мыл нæ бауагътой къæм бадын!..***

***Дæ айдæн цасфæнды куы сæрфай,***
***Уæддæр дæ чъизи хуыз нæ сæфы.***
***Сыгъдæгдзæсгомæй-иу æм бакæс,***
***Æмæ йæ, чи дæ, уымæй ма фæрс...***

***Хъæнтæбæрæггæнæн у рæстæг.***
***Тæрсын, куы мын зæгъой мæ фæстæ:***
***"Мæрдты кæм ис – дæлдæр ныххауæд,***
***Куы нæ райгуырдаид фæлтау уæд..."***

## Спортивон фидиуæг



### Уæгъдибар хъæбысхæст

# Сæ архайд уыд хъомысджын

**Ивгъуыд къуырийы кæрон нæ республикæйы цы спортивон мадзæлттæ цыди, уыдонæй сæйрагдæр уыдысты РЦИ-Аланийы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ уæгъдибар хъæбысхæстæй.**

Спорты ацы хуызтæй ерыстæ цыдысты æрыгæтты æмæ фæсивæды 'хсæн.

Уæгъдибар хъæбысхæстæй богæлттæ (21 азы онг) сæ хъару æмæ арæхстдзинад æвдыстой Октябрыхъæуы Тедеты Елхъаны номыл Спортивон комплексы. Ам цы æртæ гауызы тыд ис, уым Ирыстоны 1-аг бынат рамбулынмæ тындзыдтой 250 богалы.

Алы уæзы дæр уæлахиздзау суæвыныл цыдысты хъазуатон тохтæ.

Богæлттæн сæ нысан уыди Цæгат Ирыстоны 1-аг бынат бацахсынæй уæлдай ма республикæйы иугонд командæмæ бахаууын æмæ мæйы фæстæ Цæгат Кавказы федералон зылды ацы кары чемпионаты архайынмæ балцæг рамбулын.

Цымыдисаг фембæлдтытæ дыууæ боны дæргъы иу æмæ дыууæ нæ уыди Тедеты Елхъаны ном хæссæг Спортивон комплексы.

Фæсивæд сæ уæлахизмæ тырныдзинад æвдисгæйæ, спортуарзджыты зæрдæтæ барухс кодтой сæ сæрæн архайдæй.

Афтæ зæгъæн ис, æмæ богæлттæн сæ архайды уыди, хъæбысхæсты спорт рæсугъд цæмæй у, уыцы фæзындтытæ.

Цы ма уа цымыдисагдæр, иу богал 7:0 хыгъдæй æмбулæд, фæлæ æнæнхъæлæджы йæ ныхмæлæууæджы къæпхæны бахауæд æмæ хыгъд 7:8 суæд уый пайдайæн. Ахæм уавæр сæвзæрд ерысты 1/4 хайы 70 кг онг уæзы хæцæг богæлттæ Быгъуылты Зауырбег æмæ Охъазты Георгийы фембæлды. Сæ тохы фыццаг æмбисы Быгъуылты Зауырбег æмбылдта 7:0-æй, фæлæ улæфты фæстæ Охъазы-фырт хыгъд йæхи пайдайæн 8:7 куы акодта, уæд ма сæ фембæлды кæронмæ баззад 30 секунды. Бирæтæ æнхъæл уыдысты сæ тох Георгийы пайдайæн ахицæн уыдзæн, зæгъгæ, фæлæ та ахæм уавæры ныхмæлæууды цыд цæхгæр фæивта. Зауырбег æвиппайды фæцырд æмæ йæ ныхмæлæууæджы 4 баллæй кæмæн аргъ кæнынц, ахæм æппæрст акодта. Хыгъд ссис 11:8 Быгъуылты Зауырбеджы пайдайæн æмæ ууыл бынат бацахсыныл ерыстæм. Уыцы ерыстæ цæудзысты 23-27 февралы Назраны. Уыцы ран куыд рахæцой нæ лæппутæ, уымæ гæсгæ бæрæггонд цæудзысты 23-27 мартъийы Уæрæсейы фæсивæдон чемпионатмæ балцæгтæ чи райсдзæн, уыцы богæлттæ. Мах бацархайын хъæуы Уæрæсейы ерыстæм, куыд гæнæн ис, афтæ фылдæр балцæгтæ сæ тох фæци.



Уæрæсейы сгуыхт тренер БАГАТЫ Вячеслав
79 килограммы уæзы уæлахиздзау æмæ призертимæ

Ахæм цыргъ уавæрты чи цыди, уыцы фембæлдтытæ гыццыл нæ уыдысты.

Нæ республикæйы фæсивæдон иугонд командæйы хистæр тренер **Лалыты Вадим** ерысты ацыды тыххæй загъта: "Фыццаджыдæр, стыр бузныг зæгъæм, ерыстæ саразынмæ нын фадæттæ чи скодта, уыдонæн: РЦИ-Аланийы Физикон-культурæ æмæ спорты министрад, нæ республикæйы Спортивон хъæбысхæсты федераци, Горæтгæрон районы разамонджытæ Тедеты Елхъаны номыл Спортивон комплексы кусджытæн. Уыдон фæрцы нæ ерыстæ ацыдысты æнæкъуылымпыйæ. Фæсивæдæй куы зæгъæм, уæд ерыстæ рауадысты цымыдисаг.

Мах ныр нæ иугонд командæмæ кæй равзарæм, уыдоны бацæттæ кæнын хъæудзæн Цæгат Кавказы федералон зылды фыццаг райсыныл, æмæ ууыл кусдзыстæм нæ фæсивæдимæ. Ныр ерысты чи хæцыд, уыцы богæлттæй уæлдай ма сыл чысыл фæстæдæр бафтдзысты, ацы кары уæвгæйæ, дунеон турнир Гран-при "Иван Ярыгин"-ы чи хæцдзæн, уыцы богæлттæй æртæйæ. Нæ фыццаг цæттæгæнæн æмбырд райдайдзæн 6 февралы, æмæ бацархайдзыстæм лæмбынæг куыст бакæнын, цæмæй Цæгат Кавказы федералон зылды ерысты, куыд гæнæн ис, афтæ фылдæр призон бынæттæ рамбулæм, уый тыххæй".

2022 азы РЦИ-Аланийы фæсивæдон чемпионаты уæлахиздзаутæ æмæ призертæ систы:

57 кг — 1-аг — **Багаты Михал**, 2-аг — **Кокойты Радион**, 3-аг **Алексей Антипин** æмæ **Бæтæгаты Сослан.**

61 кг — 1-аг — **Махъоты Сослан**, 2-аг **Бекъойты Давид**, 3-аг — **Мæрзойты Алан** æмæ **Хуыгаты Артур**.

65 кг — 1-аг **Кæркуысты Михал**, 2-аг — **Санахъоты Сослан**, 3-аг **Чъерджиаты Темырболат** æмæ **Къомайты Фарнæг**.

70 кг — 1-аг **Зиггойты Зауыр**, 2-аг — **Гаситы Руслан**, 3-аг — **Гасанты Олег** æмæ **Быгъуылты Зауырбег.**

74 кг — 1-аг — **Хъоцыты Амур**, 2-аг — **Гаджиты Аслан**, 3-аг — **Хуыбаты Ибрагим** æмæ **Тедеты Давид.**

79 кг — 1-аг — **Къаболаты Аслан**, 2-аг — **Гуыриаты Константин**, 3-аг — **Авет Верещагин** æмæ **Цхуырбаты Мурат**.

86 кг — 1-аг **Кцойты Алихан**, 2-аг — **Плиты Алан**, 3-аг — **Гаглойты Инал** æмæ **Карсанаты Хетæг.**

92 кг — 1-аг — **Суанты Хъантемыр**, 2-аг — **Гæбуты Аслан**, 3-аг — **Пухаты Сæрмæт** æмæ **Едзойты Арсен.**

97 кг 1-аг — **Дзеранты Эрик**, 2-аг — **Дзеранты Арик**, 3-аг — **Беджызты Тимур** æмæ **Гæлуаты Азæмæт.**

125 кг — 1-аг — **Таймазты Руслан**, 2-аг — **Челæхсаты Алан**, 3-аг — **Гутнаты Азæмæт** æмæ **Плиты Давид**.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Аудынад

# Чингуытæ — "Хуры тын"-ы хъомылгæнинæгтæн

**Дзæуджыхъæуы ацыд сидзæрдон "Хуры тын"-æн чингуытæ æмбырд кæныны фæдыл хæрзаудæн акци.**

Национ телекомпани "Осетия-Ирыстон" куыд фехъусын кодта, афтæмæй дзыллон мадзалæн фадæттæ сарæзта нæ республикæйы Фæсивæдон парламент.

Сидзæрдоны разамындимæ бафидыдтой хъæугæ литературæйы номхыгъд саразыныл. Цæгатирыстойнæгтæ æрæмбырд кодтой сæдæ чиныгæй фылдæр. Акцийы хæс у сывæллæттæн чингуытæ бауарзын кæнын æмæ сæ нырыккон литературæимæ базонгæ кæнын.

**Нæ уацхæссæг**

## Бынæттон хиуынаффæйад

# Æрлæууæн бынæттæ — транспортæн

**Æхца фидын кæмæн хъæудзæн, Дзæуджыхъæуы хицауад горæты центры саразынмæ хъавы транспорты 2 мин ахæм лæууæн бынаты.**

Горæты администрацийы амалиуæгады управленийы хицауы хæдивæг **Æрчъынаты Зауырбеджы** ныхасмæ гæсгæ, фыццаг 15 минуты дæргъы хæдтулгæтæн уыдзæн амынд бынæтты лæвар лæууыны бар, фæстæдæр та сахатмæ лæууыны аргъ уыдзæн 30-35 сомы. Адæмы удæнцойдзинадæн æхца бафидæн уыдзæн мобилон уæлæфтуаны фæрцы дæр.




**Нæ уацхæссæг**

## "Бузныг, дохтыр!"

# Хæрзиуджыты аккаг

**Цæгатирыстойнаг центр "Мæ бизнес"-ы сывæллæтты сфæлдыстадон конкурс "Бузныг, дохтыр!"-ы уæлахиздзаутæ æмæ призертæн хæрзиуджытæ радтой.**



Æппæтуæрæсеон акци "МахИумæ"-мæ гæсгæ хæрзаудæн фонд "Быть добру" амынд конкурс сарæзта.

Дохтыртæ коронавирусон низæфтауæджы ныхмæ удуæлдайæ куыд тох кæнынц, конкурсы архайæг мин сывæллонæй фылдæр ахæм темæйыл конд нывтæ бавдыстой. Ерысты кæронбæттæнмæ рацæуæг 20 куысты автортæн радтой грамотæтæ æмæ зынаргъ призтæ. Нывты экспозици сæвæрдзысты Республикон клиникон рынчындоны коронавирусон хайады æмæ æндæр дзæбæхгæнæндæтты.

— Фонд **"Быть добру"**-йы фæндоныл æхсызгонæй сразы стæм. Акцийы архайджытæ медиктæн се 'нæнцой фæллойы тыххæй бузныг зæгъынц. Конкурсы архайджытæм æмæ йын фадæттæ саразæг адæммæ рæсугъд æнкъарæнтæ сæвзæрдысты. Дзæбæхгæнæндæтты дохтыртæ æмæ рынчынтæ нывтæй райгондæй кæй баззайдзысты, уымæй мæ ныфс ис, — загъта центры директор **Гаджиты Батрадз**.

**ГУЫРДЗЫБЕТЫ Зæринæ**

## Номарæн

# Ирыстоны иузæрдион хъæбул

Дыууиссæдз боны рацыд, Ирыстоны иузæрдион хъæбул, отставкæйы булкъон, Ростовы облæсты ирон диаспорæйы кадджындæр хистæртæй иу — Хъамбегаты Амырханы фырт Тамерлан не 'хсæн куы нал ис, уæдæй нырмæ.

Уæззау низы азарæй йæ 77 азыл цардæй фæхъуыд УФ-йы Æфсæддонуæлдæфон тыхты булкъон, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æмæ Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхты ветеранты ростоваг комитеты сæрдар Хъамбегаты Тамерлан.

Хъамбеджы-фырт 30 азæй фылдæр баслужбæ кодта бæстæйы Гæрзифтонг тыхты. Йæ рæстæджы æнтыстджынæй каст фæци Тамбовы æмæ Киевы æфсæддон авиацион училищæтæ, фæстæдæр та — Жуковскийы номыл Æфсæддон-уæлдæфон академи. Отставкæмæ рацæуыны размæ службæ кодта цыппæрæм уæлдæфон æфсады сæйраг инженеры бынаты. Йæ службæйы æппæт бынæтты дæр не 'мзæххон бæрæг дардта йæ бæрзонд профессион дæсныдзинадæй, йæ равзæрст дæсныйадыл æнувыддзинадæй, йæ дæлбар адæмыл аудынадæй. Не 'мзæххон хайджын уыд удыхъæды æппæты хуыздæр миниуджытæй — адæмуарзондзинад, уæздандзинад, хæларзæрдæдзинадæй, алкæддæр ын стыр кад кодтой йе 'мслужбæгæнджытæ æмæ йæ чи зыдта, æппæт уыцы адæм дæр.



Йæ службæ куы ахицæн кодта, уæдæй фæстæмæ дæр Хъамбеджы-фырт хъæппæрисджынæй архайдта Ростовы æхсæнадон царды, иппæрд нæ уыд бынæттон ирон диаспорæйы хъуыддæгтæй дæр. Ветеранты комитетæн разамынд дæтгæйæ, йæхицæн фыццаградон хæсыл нымадта æххуысхъуаг адæмы фарсмæ балæууын, сæ царды лыггæнинаг фарстатæ сын фæрогдæр кæнын...

Тамерлан уыд, хæдбындур сфæлдыстады ирд тæваг кæмæ фæхæццæ, ахæм адæймаг дæр. Мыхуырмæ бацæттæ кодта æмæ джиппы рауагъта цалдæр чиныджы: йæ æфсæддон службæ æмæ царды, авиаци æмæ авиаторты тыххæй.

Хъамбегаты Тамерланы фæлгонц арф фæд ныууагъта Æфсæддон-уæлдæфон тыхты азфысты, чи йæ зыдта, æппæт уыцы адæмты зæрдæты. Йæ хиуæттæ æмæ йæ къабæзтæ, йæ уарзон Беслæны цæрджытæ абон æрбамбырд уыдзысты йæ дыууиссæдзæм боны кæндмæ, рухсаг ын зæгъдзысты... Хъамбеджы-фырты рухс ном абон ссардзысты, Ростовы йын цы бирæ хæлæрттæ æмæ зонгæтæ баззад, уыдон, стæй Ростовы ирон æхсæнады минæвæрттæ дæр.

Тамерлан рухсаг уæд. Ирыстонæн та Хуыцау ахæм хъæбултæ фылдæр радтæд!

**Ростовы Ветеранты советы номæй — Валентин ГЕРБАЧ,**
**хæлæртты номæй — Василий АНИСИМОВ æмæ ХЪАРАТЫ Вячеслав**

## Барадон фæтк

# Дæрддзæфмæ цæстфæлдахæг

**Цæгатирыстойнаг сылгоймагæй стыр æхцатæ чи расайдта, оперативон-агурæн мадзæлттæ сæххæст кæнгæйæ, Дзæуджыхъæуы пъæлицæйы кусджытæ Ростовы облæсты баурæдтой 24-аздзыд чызджы.**

Пъæлицæйы кусджытæ куыд рабæрæг кодтой, афтæмæй хъыгдардбаййафæг сылгоймаг адæммæ каджын социалон хызæджы ссардта асламæй кæрцытæ уæйгæнæг интернет-дукани, æнæзонгæ уæйгæнæгмæ фæдзырдта æмæ йæм балхæнинаг дзаумайы æххæст аргъ барвыста. Æхца бафидыны фæстæ дуканийы хицау-сылгоймагимæ телефоны бастдзинадæн кæрон сæвæрдæуыд.



Цæгатирыстойнаг пъæлицæйы кусджытæ биноныг бацархайдтой цæстфæлдахæг сылгоймаджы ном сбæлвырд кæнынил.

Æхца дæрддзæфмæ расайæг сылгоймаг кæм разынд, цæгатирыстойнаг пъæлицæйы кусджытæ Ростовы уыцы облæстмæ æвæстиатæй ацыдысты. Сайд кæуыл æрцыд, мæнг интернет-дуканийы уыцы æлхæнджытæ æхца кæдæм æрвыстой, цæстфæлдахæг чызгæй ахæм банкон картæтæ, стæй абонентон номырымæ мобилон телефон тæлæтгонд æрцыдысты.

Уголовон кодексы 159 статьяйы 2 хаймæ ("Адæймагæн стыр зианы æрхастимæ цæстфæлдахæн ми бакæнын") гæсгæ уголовон хъуыддаг кæуыл сарæзтой, фыдракæндыл басæттæг уыцы чызгмæ ныртæккæ амынд регионæй дарддæр ацæуыны бар нæй.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

# Ходаг сылгоймаджы цардвæндаг

(Райдайæн 2 фарсыл)

"1948 азы мæ фыдыфсымæр Хъайтыхъты Чермен ФЗО-йы разамонæгæй куыста хæхбæсты æмæ мæ бацагуырдта, цæмæй уым профессионтехникон дæсныйад райстаин æмæ бинонтæн æххуысхъом уыдаин", — бафиппайдта Валя. — Ахуыр куы фæдæн, уæд та кусын райдыдтон Садоны æрзæткъахæны. Ме 'мбæлттæй æнцондæр куыст ничи агуырдта. Бахъуаджы рæстæг нæ бон уыд кæрæдзийы раивын. Хохкъæртгæнджытæ, рæмудзджытæ æмæ æндæртæ кæмдæриддæр куыстой, уым-иу æз дæр архайдтон. Уæдæ цы азтæ æмæ цавæр адæм уыдис уæды рæстæджы? Хъуыды-ма кæнын, не 'рвадæлты лæппу Хъайтыхъты Темыры фырт Темболæн Социалистон Фæлойы Хъæбатыры ном куы радтой, уый. Хуымæтæджы сæрыстæр уыдтæн. Уæвгæ Садоны здыйы-цинчы комбинаты цы бирæ адæмыхæттыты минæвæрттæ куыстой, уыдон уыдысты фæллойуарзаг. Æппæт бæрæгбæттæ дæр бæрæг кодтам иумæ. Нæ хорз куысты тыххæй нæ комбинаты разамынд хорзæхджын кодта ордентæй, майдантæй, кады гæххæттытæй, лæвæрдта нын æхцайы премитæ æмæ æндæртæ. Мæ зæрдыл арæх æрлæууы, Болгаримæ æрвыст куы 'рцыдтæн, уый. Уæды онг Садонæй, Галонæй, Мызурæй, Уæллаг æмæ Дæллаг Ходæй, стæй Дзæуджыхъæуæй дарддæр никуы уыдтæн æмæ мæм диссаг куыд нæ фæкаст мæ фæсарæйнаг балц.

Æз дарддæр ныхас кæнын хуымæтæг ирон сылгоймагимæ, æмæ йæм хъусынæй не 'фсæдын. Фæнды мæ, цæмæй мын йæ царды хабæрттæ кæронмæ радзура. Уый дæр мын цыма мæ хъуыды бамбæрста, уыйау загъта:

"1959 азы 4 январы æз мой скодтон Саулаты Таймуразмæ. Мах иумæ куыстам æрзæткъахæны, зонгæ дæр уым баистæм. Уый уыдис хохкъæртгæнæг, рæсугъд лæппу, цыма йæ нывгæнæг алыхуызон ахорæнтæй сныв кодта, афтæ мæм касти, — æрымысыд Валя. — Фæлæ цардæй раджы ахицæн. Иу чызг нын баззад, Светланæ, зæгъгæ, æмæ ныр йæ бинонтимæ цæрын. Хъыгагæн, уымæн дæр йæ лæг раджы амард æмæ хъомыл кæны рæсугъд чызг, Ирæ хуыйны йæ ном. Нæ дыууæйы хъысмæт дæр æмхуызон рауад".

1967 азы Хъайтыхъты Валя кусынмæ бацыд Мызуры æрзæтыссæн фабрикæйы куырæйтты хайадмæ æмæ дзы фæкуыста суанг 2005 азы онг. Йæ иумæйаг куысты шахтеры стаж у 47 азы, уæгъд рæстæг та йын никуы уыдис. Бирæ лæггад фæкодта, Галоны йын цы рынчын æфсин æмæ сахъат тиу цардысты, уыдонæн.

"Ныртæккæ мæ бинонтимæ цæрын Мызуры. Æдзухдæр фæмысын мæ раздæры хицæуттæ. Уыдон уыдысты Мулукаты Ефим æмæ Дзанайты Юри. Сæхицæй æнувыддæр ничи уыд сæ дæлбар кусджытыл. Мæ фæллойы бирæ азты дæргъы сæ зæрдæмæхъаргæ ныхасæй уæлдай никуы ницы фехъуыстон. Мæ бон афтæ зæгъын у кæмдæриддæр куыстон, уыцы æмбæлттæй дæр", — радзырдта Хъайтыхъты Валя.

Ай-гъай, уый йæхæдæг дæр алкæуыл дæр æнувыд уыдис, кусын бирæ уарзта. Йæ фæллойадон архайды дæргъвæтин рæстæг æрвылаз хорзæхджын цыдис ССР Цæдисы хуызджын металлургийы Кады гæххæттытæй. Ис æм бирæ Арфæйы фыстæджытæ комбинатæй, æрзæткъахæнтæй, хуызджын металлургийы профцæдисы рескомæй æмæ æндæртæй. Уымæй уæлдай, Хъайтыхъты Валя у "Фарæстæм фондзазоны хъазуатон", "Социалистон фæллойы уæлахиздзау" 1973 азæй 1978 азы онг. Хорзæхджын æрцыд майдан "Фæллойы ветеран" æмæ бирæ æндæр хæрзиуджытæй.

Цыбыр ныхасæй, Хъайтыхъты Хадзырæты чызг Валя у, йæ цард æппæтæй дæр хæххон хъуыддагæн чи радта, уыцы бирæ хуымætæг сылгоймæгтæй иу æмæ хæхты намыс. Кæд ыл азтæ сæ уæз æруагътой, уæддæр у сæрæн. Йæ царды цы цаутæ æрцыд хорзæй æмæ æвзæрæй дæр, уыдон хъуыды кæны абоны хуызæн. Комбæстæ та йын ахæм зынаргъ сты, æмæ сæ никæуыл баивдзæн. Уымæн æмæ сты йæ хуыздæр зонгæтæ, йæ ныфс æмæ йæ хъару дæр.

**ХЪАЙТЫХЪТЫ Тамарæ**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Хиуæттæ æмæ хæстæджытæ хъыгзæрдæйæ хъусын кæнынц,

**МОРГУАТЫ**
**Хæсанæйы чызг Ларисæ**

цæрынхъуагæй кæй амард, уый.

Зиан рахæсдзысты 26 январы, æртыццæджы, Леваневскийы уынджы 203-æм хæдзарæй.

Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ректорат, президент, профцæдис, уырыссаг филологийы профессортæ æмæ ахуыргæнджытæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц хиуæттæ æмæ хæстæджытæн, уырыссаг филологийы факультеты раздæры декан, уырыссаг æвзаджы кафедрæйы разамонæг

**БЕСОЛТЫ**
**Мæхæмæты фырт Лазыр**

кæй амард, уый фæдыл.

Галаты Барисы культурон фонды хайады уæнгтæ Гæбæраты Андрей æмæ Гаглойты Лианæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц Паддзахадон Думæйы раздæры æвзæрстыты депутат, æхсæнадон архайæг Чехойты Анатолийæн, Леонид æмæ Алыксандрæн, сæ мад

**ЧЕХОЙТЫ-УАНЕТЫ**
**Георгийы чызг Ефросинья**

кæй амард, уый фæдыл.

Зиан рахæсдзысты 25 январы, дыццæджы, Цхинвалы, Ирон (Осетинская) уынджы 57-æм хæдзарæй.

**ПОШИВ**
**матрацев и одеял (в наличии и на заказ);**
**стирка ическа шерсти.**
**ТЕЛ.: 8-906-188-38-83.**

Номыры радгæс редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
2-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ.**

**Газет уадзынц РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци".**

**Газеты регистрацион номыр (ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:

362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

**Сæйраг редактормæ бацæуæнуат — 25-96-27.**

**Сæйраг редакторы хæдивджытæ: Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37, шеф-редактортæ: Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33, рауагъды редактортæ: Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89, сæйраг бухгалтер Дойаты Ленæ — 25-94-19, сæрмагонд уацхæссæг Гасанты Валери — 25-96-50, хистæр уацхæсджытæ: Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-96-16, къамисæг Хъайырты Дианæ — 25-91-88, сайты редактор Хозиты Дзерассæ — 25-96-16. Рекламæйы хайады сæргълæууæг Быдыккаты Земфирæ — 25-67-03, корректортæ — 25-93-36, компьютерон цех — 25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 3710. Заказ № 67. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email:** rastdzinad@mail.ru
**Сайт:** www.rastdzinad.ru

Газета выходит 5 раз в неделю "Растдзинад" ("Правда")
УЧРЕДИТЕЛИ: Парламент Республики Северная Осетия-Алания, Правительство Республики Северная Осетия-Алания, государственное бюджетное учреждение "Редакция республиканской народной газеты "Растдзинад".
**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания 30 марта 2012 г. (ПИ № ТУ 15-00063)**